

Enstriksyon Sutab

YO

Dòz separe

Refere ak fich enstriksyon sa a pou jwenn enstriksyon preparasyon entesten yo, **PA** sa ki vin ansanm ak medikaman yo. Rezilta tè s sa yo depann de si kolon w byen netwaye epi pa gen anyen ladan l. Poupou (matyè fekal) ki anndan gwo entesten w yo kapab kache maladi ak timè ki kapab prezan. Tanpri, suiv enstriksyon sa yo byen; sinon egzamen yo kapab pa presi oswa y ap bezwen refè yo.

1 jou anvan pwosedi w la

12 AM (Minui): Kòmanse ak yon rejim likid klè nan maten sa a epi kontinye konsa pandan tout jounen an. Menm si enstriksyon ki sou kit preparasyon an di ou kapab pran yon dejene ki lejè, nan jou sa a, **PA** konsome okenn lòt bagay ke likid klè nan tout jounen an pou asire w netwaye trip ou byen. **(W ap jwenn enstriksyon sou rejim yo nan kazye ki pi ba a)**

- **BAGAY KI BON POU BWÈ:**

Ji pòm, ji rezen blan, limonad, Gatorade, dlo, te (pa pran lèt), kafe (pa pran krèm), Kool-Aid, bwason dous ki klè, bouyon bèf ki klè, bouyon poul ki klè, sisèt glase, Jello, ak bonbon di (Ki pa Wouj ni Vyolèt).

- **SA KI ENTÈDI YO:**

Pwoudui ki gen lèt yo (lèt regilye, lèt zanmann, tout fwomaj yo, krèm, krèm kafe an poud oswa an likid, yogout, fwomaj kotaj, bè), pwoudui lèt "atifisyèl" (lèt soja ak pwoudui "san laktoz" yo), nenpòt bagay ki gen tent Wouj oswa Vyolèt ladan yo, Alkòl (kenpòt kalite a), tout aliman ki gen pilp (ji zoranj)

6PM: Kòmanse bwè 1ye dòz kit preparasyon w lan.

Etap 1: Pran premye boutèy 12 konprime yo nan yon peryòd 20 minit. Ranpli veso ki enkli a ak dlo pou w pran konprime yo Bwè tout veso dlo a.

Etap 2: Inèdtan apre sa a, bwè twa lòt vè dlo 16 ons. Bwè chak veso nan yon peryòd tan 30 minit. (30 minit pou chak veso) Itilize veso ki vid la pou fè sa a.

Asire w ou bwè anpil likid sa pral pèmèt ou evite dezidrate ak fasilite kolon an netwaye.

Jou Pwosedi w la

5 èdtan anvan lè w ap rive a: Kòmanse pran Dòz 2 nan Kit Preparasyon w lan.

Etap 1: Pran premye boutèy 12 konprime yo nan yon peryòd 20 minit. Ranpli veso ki enkli a ak dlo pou w pran konprime yo Bwè tout veso dlo a.

Etap 2: Inèdtan apre sa a, bwè twa lòt vè dlo 16 ons. Bwè chak veso nan yon peryòd tan 30 minit. (30 minit pou chak veso) Itilize veso ki vid la pou fè sa a.

3 èdtan anvan w rive: PA PRAN ANYEN DITOU NI POU MANJE, NI POU BWÈ, NI MENM POU MOULEN jiskaske w fin fè tè s la. Lè w konsome nenpòt bagay apre lè sa a, sa pral lakòz gen yon reta nan pwosedi w la oswa yo ka menm anile l.

**** Jwenn kupon epay ou a nan <https://sutab.com/Savings> -- pou pasyan ki gen asirans komèsyal yo, kòd kupon an, y ap voye l yon fason elektwonik bay famasi an ak tout preskripsyon w lan**

Pou kesyon sou pwogramasyon oswa zafè medikal oswa preparasyon yo, tanpri rele nan 239-343-6222

Pou kesyon sou faktirasyon yo, rele nan 239-343-5516